823(5y-6k)
Q-12

S.QAZAQBAEV

# QARAQALPAQ SALT-DA'STU'R JI'RLARI'

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

82.3(5ŭj-6K)
Q-20

Qazaqbaev Sa'rsen

# QARAQALPAQ SALT-DA'STU'R JI'RLARI'

*(metodikali'q qollanba)*

NO'KIS
«QARAQALPAQSTAN»
2012

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

UDK: 392. 1-512.121

BBK: 82.3.5(Qar)
Q-20

Sa'rsen Qazaqbaev *«Qaraqalpaq salt-da'stu'r ji'rlari'» (metodikali'q qollanba)* No'kis: «Qaraqalpaqstan» baspası. 2012-jıl, 32 bet
74.26.

Qaraqalpaq xalqi'ni'n' o'tken ha'm ha'zirgi zaman u'rip-a'det salt-da'stu'r ji'rlari'ni'n' turmi'stag'i' a'hmiyetin u'yretiw menen birge keleshek a'wladlarg'a o'z milletinin' da'stu'rlerin bildiriw olardi' ha'r ta'repleme psixologyali'q pedagokikali'q jaqtan ka'mil insan boli'p rawajlani'wi'na ta'rbiya ali'wi'na o'zinin' ta'sirin tiygizedi.

Bul balalar baqshalari'nda, mekteplerde, litsey, kolledjlerde, ha'm joqari' woqi'w ori'nlari'nda so'zsiz metodikali'q qollanba wazi'ypasi'n atqaradi'.

**Juwapli' redaktor**

1. **K.Allambergenov** — NMPİ Qaraqalpaq a'debiyati' kafedrasi'ni'n' professori', f.i.doktori', Qaraqalpaqstan Respublikasi' Berdaq ati'ndag'i' ma'mleketlik si'yli'qti'n' lawreati'.

**Pikir bildiriwshiler:**

1. **A'.Paxratdinov** — NMPİ Qaraqalpaq a'debiyati' kafedrasi'ni'n' professori', f.i.doktori'

2. **Q.Qurambaev** — NMPİ Wo'zbek a'debiyati' kafedrasi'ni'n' professori', f.i.doktori'

3. **K. Yusupov** — QMU a'debiyat teoriyasi' ha'm metodikasi' kafedrasi' woqi'ti'shi'si', f.i. Kandidati'

**ISBN 978-9943-346-93-2**

**© «Qaraqalpaqstan» baspası', 2012-j.**

## KİRİSİW

Ja'miyettin' rawajlani'w bari'si'nda xali'qti'n' ko'p a'sirlik bayli'g'i' bolg'an u'rp-a'det, da'stu'rler, diniy, ilimiy ko'zqaraslardi'n' tiykari'nda qa'liplesip, ta'rbiyani'n' qu'diretli qurali'na aylandi'. Xali'qti'n'diniy ta'rbiyali'q da'stu'rleri yerte da'wirlerden-aq adamlardi'n'sanasi'na, turmi'si'na ha'm minez-qulqi'na ku'shli ta'sir etip, turmi'sta u'lken wori'n iyeleydi. Mi'sali', barli'q dinlerde perzent tuwi'lg'anda oni' quday taala o'z i'ri'sqi' nesiybesi menen jaratatug'i'nli'g'i' ayti'ladi' ha'm qanday da ila'hiyda ku'sh bar yekenligi, adam woni'n' aldi'nda a'zziligi, insanni'n' yeki iyninde yeki perishte boli'p, biri jaqsi'li'g'i'n'di', ekinshisi jaman ta'repin'di jazi'p oti'ratug'i'nli'g'i' ha'm basqa da isenim,tu'sinikler a'wladtan a'wladqa wo'tip ha'r qi'yli' da'stu'rlerdi payda yetken. Haqi'yqati'nda da adam ushi'n isenimnin'za'ru'rligi ilimde de, dinde de maqullanadi'. İsenim insang'a u'lken ku'sh-qu'wat, do'retiwshilik ruwx bag'i'shlap keleshekke ken'jol ashadi'. Sonli'qtan adamzat tariyxi'nda ko'p na'rseler boli'p wolardi'n' geyparalari' ja'miyetlik turmi'stan belgili waqi't ishinde jog'ali'p ketse de, isenim insan menen ba'rqulla birge jasaw uqi'bi'n iyelegen. Dani'shpan babalari'mi'z benen aqi'lli' analari'mi'z wo'mir boyi' wo'zlerinin' ko'rgenin, bilgenlerin perzentlerinin'qa'lbine sin'diriwge, xalqi'ni'n' u'rip-a'detlerin qa'sterlep, bularg'a ul-qi'zlari'n sadi'q ha'm qi'rag'i' boli'wg'a u'yretip oti'radi'. Bul jaslardi' jasi' u'lkenge xi'zmet yetiw, jasi' u'lkennen pa'tiya ali'w qusag'an hu'rmet-izzet, si'ylasi'q, joqari' adamgershilik qa'siyetlerdi payda yetip wolardi' da'stu'rge aylandi'ri'p woti'rg'an.

Ha'r bir xali'qti'n', millettin' birinshi belgisi woni'n' u'rip-a'det da'stu'rleri yekenligin bilemiz. Sonli'qtan da adam jasaytug'i'n jerde da'stu'r de wo'z orni'n tabadi'. Da'stu'r adamdi' ja'miyet penen, tariyx penen ha'm keleshek penen baylani'sti'radi', woni' jan'a wo'zgerisler menen alg'a rawajlandi'ri'p oti'radi'. Sonli'qtan paydali' u'rip-a'det, da'stu'rlerdi ko'z qarashi'g'i'mi'zday saqlap, keyingi a'wladqa jetkeziw bizin' wazi'ypa boli'p tabi'ladi'.

A'jiniyaz ati'ndag'i' NMPİ
Informaciyali'q resurs worayi'
INVENTAR № 113321
«___» ___________20 ji'l



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

# QARAQALPAQ SALT-DA'STU'R JIRLARI

***Besik ji'ri'.*** *Besik* ji'rlari'ni'n' bala ta'rbiyasi'nda ju'da' u'lken a'hmiyeti bar yekenligi haqqi'nda Worta Aziyani'n' ataqli' ilimpazi' A'biw Ali Ibn Sino wo'zinin' «Kanon vrachebnoy nauki» degen miynetinde balani' tuwi'lg'ani'nan baslap wo'z ayag'i'nan ju'rip ketkenge shekem islenetug'i'n ila'jlari', woni'n' paydasi' haqqi'nda bi'lay degen: «Bo'bektin' tilegin qanaatlandi'ri'w ha'm rawajlandi'ri'w ushi'n wog'an yeki na'rseni qollani'w kerek.

Birinshiden: Balani' a'ste g'ana terbetiw. Yekinshiden: Uyi'qlati'w ushi'n da'stu'rge aylani'p ketken nama i'rg'ag'i' menen ha'yyiw ayti'w. Sol yekewin qabi'l yetiw mug'dari'n qarap, balani'n' denesi menen dene ta'rbiyasi' ha'm ruwxi' menen muzi'kag'a bolg'an qa'biletin payda yetedi» dep aytqan[1]. Demek, besik ji'rlari' A'biw A'li Ibn Sino jasag'an da'wirde de, tu'rkiy tilles xali'qlar menen jasag'an da'wirde de, soni'n' menen birge musi'lman xalqi'ni'n' payg'ambari' Muhammed jasag'an da'wirde de wo'mir su'rgenliginin' gu'wasi' bolami'z. Ma'selen, Vashington Irvingti'n' «Jizn Muxammeda» yamasa belgili shayi'r I.Yusupovti'n' qaraqalpaqshag'a awdarg'an «Muhammed payg'ambardi'n' wo'miri» atli' kitabi'nda Muhammed du'nyag'a kelgennen keyin balani'n' dayi' atasi' Abdul Muta'llib jeti ku'nnen Qurayi' qa'wiminin' gu'lla'n uri'w basshi'lari'n shaqi'ri'p, toy berip, Uli's yelimizdin' keleshektegi dan'qli' adami' tuwi'ldi' dep, wolarg'a tani'sti'radi' ha'm balag'a niyetlep Muhammend dep at qoyadi'. Yamasa kitapti'n' ja'ne bir betinde, balani'n' su't anasi' Xalima bul na'restedegi, wo'zi sezgen ka'ramatlar tuwrali' qi'zi'q so'zler ayti'p ketken[2]. Bul so'zler besik ji'ri' yamasa ha'yyiw so'zleri boli'wi' mu'mkin. Xalima sezgen ka'ramat ne boli'wi' mu'mkin. A'lbette, bul ka'ramatti' da wo'z so'zi menen jetkeredi. Wonday bolsa Xalima Muhammedke jaqsi' niyet tilegen, ha'zir bizin' ku'nimizge jetip kelgen besik ji'ri' boli'p yesaplanadi'. Ja'ne bir mi'sal: jol boyi'nda jayi'li'p ju'rgen qoylarg'a shekem balag'a bas bi'lg'ap jami'ri'si'pti', balani' u'yine apari'p besikke bo'legende, wog'an sa'wlesi tu'sken ay worni'nan ji'li'si'p jaqi'n kelip, na'rseteni nurg'a shulg'apti'. Arab ra'wiyatlari'nda ayti'li'wi'nsha ta'n'iri su't anasi' Xalimani'n' kewline anali'q miyrim sha'pa'a't nuri'n quyi'p, su'ti iyip salabergen. Bul bala kelgennen keyin padashi'ni'n' jarti' shi'pta u'yinin' aylanasi' gu'llenip salaberdi. Bulaqlar harlap ag'i'p, qudi'qlar suwli' boldi', padalar ko'beyip wo'rshidi. Jer wo'nimdarli' boldi', padashi'ni'n' u'y turmi'si' qurg'i'nlasi'p ketti deydi. Bul ra'wiyatlardi' yesapqa alg'an jag'dayda besik ji'ri'ni'n' shi'g'i'w tariyxi' yamasa da'regi Muhammed Payg'ambar jasag'an da'wirden baslang'ani' abzal boladi'.

---

[1] Maqselov Q. Ta'jimuratov A'. Qaraqalpaq folklori'. No'kis: «Qaraqalpaqstan» baspasi', 1979-j. 82-b.
[2] Irving V. Muhammed payg'ambardi'n' wo'miri // Wo'zbeksheden awdarg'an I.Yusupov. No'kis: «Qaraqalpaqstan» baspasi', 1992-j. 13-14 -b.b.



Ana qu'diretin, yesitkende ha'r bir adamni'n' qulag'i'na jag'i'mli' yesitiletug'i'n ha'r bir adamni'n' ju'rek to'rinen wori'n alg'an so'z Analar-wo'mir tiregi! Sonli'qtan da «Anani'n' kewli balada, balani'n' kewli dalada» dep xalqi'mi'z biykar aytpag'an. Soni'n' ushi'n da analar haqqi'nda qansha jaqsi' ga'pler aytsan' da, qansha jaqsi' woylar woylasan'da ko'plik qi'lmaydi'. Ha'r bir anawo'z balasi'n wo'sirip, ka'malg'a keltiremen degenshe qansha qi'yi'nshi'li'qlardi' bastan keshiredi. Tu'n uyqi'si'n to'rt bo'lip, wo'zinin' ishki seziminen shi'qqan ha'yyiw qosi'g'i'n balasi'na arnaydi'. Bul qosi'qta ana wo'z perzentine degen su'yispenshiligin, tilek-maqsetlerin, arzi'w-a'rmanlari'n ji'rlaydi'. Sonli'qtan da bo'bekti bo'lep, uyqi'lati'w ushi'n ayti'latug'i'n ji'rlar ha'yyiw yamasa besik ji'ri' dep ataladi'. Besik ji'rlari' xali'qqa da'stu'r bolg'an nama i'rg'ag'i'nda atqari'latug'i'n amawli' atqari'wshi' talap yetpeytug'i'n ana ta'repinen atqari'latug'i'n qosi'q.

Ana ha'yyiwi menen wo'sken bala aqi'lli', ta'rtipli, wo'tkir, yer ju'rek, Watang'a sadi'q boli'p wo'sedi. Besik ji'rlari' ul balag'a, qi'z balag'a wo'z aldi'na ayti'latug'i'n bolg'an.

Mi'sali':
Aynanayi'n appag'i'm,
Qozi' ju'nli qalpag'i'm,
Qozi'm menin' gu'l bolg'ay,
Ji'ynag'ani'm toy bolg'ay,
Toyi'm-toyg'a ulasqay,
Da'wlet kelip wornasqay[1].

dep a'debiyatti'n' ha'zirgi ko'rkemlew usi'llari' menen «quli'ni'm», «qozi'm», «qalpag'i'm» degen so'zler menen ul balag'a si'patlama beriletug'i'n bolsa,

Aynanayi'n appag'i'm,
Gu'l ishinde japi'rag'i'm,
Qi'zi'm menin' gu'l bolg'ay,
Ji'ynag'ani'm toy bolg'ay,
Su't u'stinde qaymag'i'm,
Ash bolg'anda azi'g'i'm,
Sho'llegende suwsi'ni'm[2].

dep «appag'i'm», «japi'rag'i'm», «gu'lim», «qaymag'i'm», «suwsi'ni'm» ha'm basqa da wobrazli' ko'rkemlew usi'llari' menen qi'z balani'n' keleshegin

---

[1] Qaraqalpaq folklori', Tom 5. No'kis: «Qaraqalpaqstan» baspasi', 1980-j. 259-260 -b.b.
[2] Bul da sonda.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ko'z aldi'mi'zg'a sa'wlelendirip bere alg'an. Besik ji'ri'ni'n' ha'r bir qatari'ni'n' basi'nda yaki izinde yamasa yeki qatardan keyin «ha'yyiw»,»hayya» so'zi jiyi qollani'ladi'. Woni'n' balani' ma'lelsiz uyqi'lati'wg'a, dem aldi'ri'wg'a u'lken xi'zmeti boli'p, sol arqali' balani'n' tez uyqi'lawi'na, balag'a ana ju'reginin' yeljirewi, tolg'ani'slari' na'zik suli'wli'qta yesitilip turadi'. Ha'yyiw qosi'qlari'nda anani'n' tilegi, wo'tinishi, baxi'tli' turmi'si' «ul balani'n'» u'y-jayli', aq wotawli', al qi'z balani'n bolsa suli'w shi'rayli' wo'z ten'ine, su'ygenine qosi'li'p baxi'tli' boli'wi'n a'rman yetedi.

Qarag'i'm menin' jasi'nda,
Maqpal taqi'ya basi'nda,
A'sheko'yli aq wotaw,
Ag'asi'ni'n' qasi'nda,
Qi'zi'ma kelgen qi'ri'q kisi,
Qi'ri'q kisinin' ishinen
Aytti'ri'p alar bir kisi,
Suli'w u'ydin' su'yewi,
Suli'w jigit ku'yewi.

dep wo'zinin' ju'reginen shi'qqan jaqsi' sezimin ha'yyiw arqali' bildiredi.

Besik ji'rlari'nda a'jayi'p suli'w ta'biyat ko'rinisi, jerimizdin' geografiyasi' peyzajli'q su'wretlewlerdegidey teren' ma'ni menen su'wretlenedi. Buri'ng'i' xalqi'mi'zdi'n' da'stu'rine qarag'anda, bala tuwi'lg'annan keyin u'y iyesi balasi'n besikke bo'lew ushi'n qon'si'-qobalari'n u'yine miyman yetedi. Besikke bo'lerde yepshillirek bir jasi' u'lken kempir balani' duzli' suwg'a shomi'ldi'radi' ha'm usi'nnan keyin qi'rq ku'nge shekem dawam yetedi.

Bundag'i' maqset: Balani'n' denesinin' duri's rawajlani'wi'na tiykar salsa, yekinshiden psixologiyali'q jaqtan rawajlani'wi'na u'lken ta'sirin tiygizip woti'rg'an. Bizin' ha'zirgi ku'nimizde qollani'p ju'rgen «duzi'n' joq» degen so'zdin' ma'nisi de usi'nnan qalg'an boli'wi' kerek. Balani' besikke jatqarmastan aldi'n sho'lkemlestiriw jumi'slari' ali'p bari'ladi'. Besik ishindegi dasti'qti'n' asti'na pi'yaz, buri'sh, pi'shaq qoyadi'. Dushpani'na pi'yazday, buri'shtay ashshi' bolsi'n, pi'shaqtay wo'tkir bolsi'n dese, ayaq tamani'na ayna qoyi'p, aynaday wo'miri jarqi'n bolsi'n, ju'zi ashi'q aynaday suli'w bolsi'n, qayta tas qoyi'p basi' tastan bolsi'n, nan basi'nda tursi'n, nanday ulli' bolsi'n ko'zi o'tkir bolsi'n, dushpannan awlaq bolsi'n Alti'n besikke kirsin dep qosi'q aytatug'i'n bolg'an. U'y iyesinen jeti tu'rli zat, yag'ni'y kiyim aladi'. Sol kiyimlerdin' u'shewi jag'ali' kiyim, al, qalg'anlari' odeyal, ko'rpeshe basqa da u'yge tiyisli zatlar bolg'an. Jeti tu'rli zatti' besikke bo'legen balani'n' u'stine jawadi' ha'm besikke atti'n' ju'yesin baylaydi'.

---

[1] Dala da'pterinen N:1.



Bundag'i' maqset: Ju'zden ju'yrik, mi'n'nan tulpar bolsi'n, dep niyetleytug'i'n bolg'an. So'ytip «Qumsataman» yenesi arbamdi' aydayman, alasan' ba?, dep besiktin' u'stine minip shabatug'i'n bolg'an ha'm:

Qa'ne adamlar, yer bolsan'lar,
Balani' sati'p ali'n'lar[1]. — dep qosi'q aytatug'i'n bolg'an.

Qum sataman, kim aladi',
Qanday sarpay jabadi',
Kewlimdi qalay tabadi',
Yamasa uyatqa qaladi'[2].
Yamasa basqa varianti':
Yer bolsan'lar adamlar,
Balani' sati'p ali'n'lar,
Shamalari'n' kelmese,
Jollari'n'nan qalman'lar[3]

— degen xali'q ta'repinen do'regen besik ji'ri' qosi'qti'n' uyqasi'na, ko'rkemlik wo'zgesheligine qarap woti'rmay, woyi'n-zawi'q ushi'n ayti'li'p kelingen. Balani'n' ata-anasi' ja'ne basqa da tuwi'sqanlari' 7-8 boli'p balani' kempirden sati'p aladi'. Keyin kempir balani'n' u'stindegi kiyim-kenseklerdi u'y iyesine qaytari'p berip, balani' besikte qaldi'ri'p ha'm woni'n' keleshekte xalqi'mi'zdi'n' hadal perzenti boli'wi'na tileklesik bildiredi.

Jori'tqanda joli'n' bolsi'n,
Qi'di'r ata joldasi'n' bolsi'n,
Qi'ri'q shilterler ji'lawi'n'da bolsi'n,
Ot, jala, suw ba'lesinen saqlasi'n, qudayi'm[4]

dep pa'tiyaberip juwmaqlaydi'. A'lbette,adam du'nyag'a kelgen ku'nnen baslap ana ha'yyiwi menen wo'sedi. Ha'yyiw wog'ada yerte zamanlardan berli go'nermey kiyati'rg'an analari'mi'zdi'n' yen' jaqsi' da'stu'rlerinin' biri. Belgili jazi'wshi' shayi'rlardi'n' Ana haqqi'nda jazi'wdag'i' maqseti, ana obrazi'n jarati'w bolsa, woni'n' «Du'nyada wo'mirin'she qari'zdar bir adam bar, wol da bolsa Anami'z» degen so'zinlerin hesh waqi'tta umi'ti'wg'a bolmaydi'. Qaraqalpaq ha'm tuwi'sqan xali'qlar a'debiyati'nda anani' ji'rlamag'an shayi'r joq. Ha'zirgi waqi'tta besik ji'ri'na baylani'sli' M.Jumanazarova, B.Nurnazarovani'n' qosi'qlari' da jan'a nama menen ayti'lmaqta. Sonli'qtan da ana ha'yyiwi xali'q penen birge jasaydi'.

---

[1] Dala da'pterinen, N:3.
[2] Bul da sonda.
[3] Bul da sonda.
[4] Dala da'pterinen, N:3.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Analar ha'yyiw ayti'si'p bag'da,
Balalar uyi'qlasi'n ana qushag'i'nda, — dep jaqsi' tilek bildiremiz.

Qaraqalpaq xali'q awi'zeki a'debiyati'ndag'i' besik ji'rlari' menen ha'zirgi qaraqalpaq jazba a'debiyati'ndag'i' besik ji'rlari'ni'n' baylani'sli' yekenligi ha'm formali'q, ma'nilik jag'i'nan bir-birinen ayi'ri'lmay turatug'i'nli'g'i'n atap wo'tiw kerek.

Sebebi, a'sirler dawami'nda jasag'an xali'q wo'z balalari'ni'n' a'dep-ikramli', suli'w, go'zzal boli'wi'n, wo'z yelin qorg'awi'n, miynetkesh boli'wi'n a'zelden a'rman yetken.

Al, ha'zirgi da'wirde de sol xali'qti'n' woylag'an arzi'w-a'rmanlari'n bizin' xalqi'mi'z a'rman yetpekte. Sonli'qtan da besik ji'ri' qosi'qlari'ni'n' tiykarg'i' wo'zgeshelikleri bir-birine uqsaydi'. Mi'sali', Jaqsi'biyke Wo'teniyazovani'n' «Ha'yyiw-ha'yyiw» qosi'g'i'n ali'p qarayi'q:

Ha'yyiw-ha'yyiw jan balam,
Ha'yyiw aytar sag'an anan',
Diydari'n'a men quwandi'm,
Uyi'qlay g'oy jani'm, shiyrin balam.
Aymalayi'n-ayalayi'n,
Boylari'n'a men qarayi'n.
Wo'mir jasi'n' uzaq bolsi'n,
Ko'zlerin'e nur bolayi'n[1]

dep i'rg'ag'i' menen namag'a sali'p i'n'i'ldap aytadi'. Bul qosi'qta tiykari'nan anani'n' kewli balada yekenligi, wo'z balasi'n jani'nan arti'q ko'retug'i'nli'g'i', soni'n' ushi'n da wo'z balasi'ni'n' den-sawli'g'i'n tilep wo'mirinin' uzaq dawam yetiwin, pa'tiya formasi'nda da ayti'li'p turi'pti'. Al, mi'na qosi'g'i'nda:

Aq besikke bo'lep anan',
Terbetedi seni balam,
Na'siyatlap ha'r bir so'zin
Uyi'qlatadi' seni anan',
Jigerli bol, sen balam,
Anan'ni'n' aytqan aqi'li'n',
Yadi'n'da saqla, sen balam[2].

---

[1] Wo'teniyazova J. Ha'yyiw-ha'yyiw, balam. No'kis: «Qaraqalpaqstan» baspasi', 1995-j. 26 -b.
[2] Bul da sonda.



dep u'git-na'siyat, didaktikali'q formasi'nda da jazi'ladi'. Yag'ni'y, wo'z balasi'ni'n' aqi'lli', dana, ku'shli,bilimpaz boli'wi' ushi'n na'siyat beriw arqali' a'melge asi'ri'ladi'.

Tu'n uyqi'n'di' to'rt bo'lip,
Besigimdi terbettin',
Mehrin'di mag'an berip,
A'lpeshledin' wo'sirdin',
Yertek ayti'p woynatti'n',
Yerkeletip so'ylettin',
Keleshekte wo'mirden,
Wo'z worni'mdi' ko'rsettin',
Menin' ushi'n bag' yegip,
Miywesin berdin' mag'an,
Wo'mirimde tawsi'lmas
Alg'i's so'zim ko'p sag'an[1].

dep alg'i's formasi'nda ayti'ladi'. Yag'ni'y, bul yerjetken balani'n' ata-anasi'na degen muhabbat sezimleri, yekinshiden, balani'n' ja'miyette wo'z worni'n tawi'p ata-anasi'n ha'm wo'zinin' maqsetine,arzi'w-a'rmanlari'na yerisip ati'rg'anli'g'i' ayti'ladi'. J. Wo'teniyazovani'n' «Ana tilegi» bir aktli, u'sh perdeli muzi'kali' pesasi'nda salt-da'stu'rlerdin' bar qansha formalari'ni'n' ushi'rasatug'i'nli'g'i'n ko'remiz.

***(Pesadan u'zindi)***

«Barli'q ba'le-ma'terden saq boli'w ushi'n a'diraspan menen alaslaymi'z» deydi, Keyin besikti ishke kirgizedi de, jas kelinlerdin' ba'rin ji'ynap aladi'.

Bosang'an kelinnin' muri'ndi'q yenesi aqli'g'i'n besikke sali'w buri'nnan son'g'i' xalqi'mi'zdi'n' da'stu'ri, menen qaladan besik sati'p a'keldim.

Gu'layi'm: - wol qa'de at shabar qa'desi boladi', Nawri'zbaydi'n' besigi attay jorg'alap, balam bali'qtay tuwlap, usi' besiktin' ishinde «Tu'bi bir bolsa, shaqasi' mi'n' bolsi'n» (besikti aldi'na qoyi'p, besiktin' tayag'i'na 3 metr tawardi' baylap «at shapti'» qa'desin soray baslaydi'.

Wo'tkenge na'zer taslayi'n,
Xali'q da'stu'rin baslayi'n,

---

[1] Wo'teniyazova J. Ha'yyiw-ha'yyiw, balam. No'kis: «Qaraqalpaqstan» baspasi', 1995-j.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Besik toyg'a ji'ynalg'an,
Jaqi'n juwi'q-ag'ayi'n,
Qa'de soray baslayi'n,
A'miwda'rya suwlari',
Iyrimlenip ag'adi',
Nawri'zbaydi'n' besigi,
At jorg'aday shabadi',
At shapti', qaraqlari'm, at shapti'[1].

Awi'l hayallari': - At kimge qaray shapti'? (Ba'ri ku'ledi).
Gu'layi'm: - Usi' u'ydegi aqli'q ko'rgen Aysanem kelinge qarap shapti'-da' (ku'lisedi).
Aysanem:- Sheshe Nawri'zbaydan alg'an «at shapti'» qa'den'iz bolsi'n (basi'na aq jawli'q jabadi').
Bunday qa'delerdi bir neshshe ret qaytalaydi' ha'm wo'z qa'delerine iye boladi'.
Bunday mi'sallardi'n' ha'zirgi poeziyada bir qansha tu'rlerin ko'riwge boladi'. Shayi'ra Biybiajar Nurnazarovani'n' qosi'qlari'nda «Besik ji'ri'» qosi'g'i'ni'n' jan'a formasi'n ko'riwge boladi'.

Arali'masuw kelip,
Qayta toli'p balam-aw,
Suwda bali'q,tirilip,
Woyi'n woynar, balam-aw,
A'miwimnen aqqan suw,
I'laylanar, balam-aw,
Sonda bayram, shadli' toy,
Molayadi', balam-aw,
I'rg'aladi' dalada,
Daqi'llari' diyqanni'n',
Men barayi'n ji'ynawg'a,
Qoyshi' balam qi'yqan'di'[2].

Bul «Besik ji'ri'» qosi'g'i'nda ha'zirgi da'wir talabi'na say ja'miyette ushi'rasi'p ati'rg'an ekologiya, suw mashqalasi' ha'm anani'n' keleshektegi arzi'w-a'rmanlari' yag'ni'y suwdi'n' molayi'wi'n tilep, soni'n' saldari'nan diyqanshi'li'qti'n' mol boli'wi'n tilek yetip jazadi'.
Bunday besik ji'ri' qosi'qlari'n ha'zirgi zaman shayi'rlari'ni'n' bir qanshasi'nda ko'riwge boladi'.

[1] Wo'teniyazova J. Ha'yyiw-ha'yyiw, balam. No'kis: «Qaraqalpaqstan» baspasi', 1995-j. 5-15-b.b.
[2] Nurnazarova B. Asi'g'aman atqan tan'larg'a. No'kis: «Qaraqalpaqstan» baspasi', 1993-j. 21-b.



*Tusaw kesiw.* Bala g'az turi'p, ta'y-ta'y basi'p ju're baslag'an waqi'ttag'i' salt-da'stu'rlerdin' biri boli'p yesaplanadi'. Tusaw kesiwden aldi'n sho'lkemlestiriw jumi'slari' ali'p bari'ladi'. Woni'n' ushi'n aldi'n 1,5 metr alajip ali'p woni' kesiw ushi'n tek g'ana qayshi' tayarlanadi'. Bul jerde aytatug'i'n na'rse, tusawdi' balani'n' anasi' yamasa a'kesi qaysi' kimge tusaw kestiriwdi wo'zleri biledi. Tusaw kesiw tiykari'nda i'ri'm si'pati'nda qollani'li'p kelgen. Sebebi, tusaw kesiwshi insan shaqqan, ziyrek, aqi'lli', dani'shpan, wo'nerli ha'm ju'rgende tik qolayli' su'rnikpey duri's juretug'i'n insandi' saylap kestiretug'i'n bolg'an. Tusaw kesken balani'n' psixologiyali'q jaqtan rawajlani'w jag'dayi' da sol insang'a uqsaytug'i'n bolg'an. Sonli'qtan da ha'zirgi waqi'tta sol da'stu'r wo'z qa'lpinde qaldi'. Tusaw kesiw yeki usi'lda ali'p bari'ladi':

1. Jasi' u'lken yamasa jasi' kishi insanlarg'a tusaw kestiriw;
2. 5-15 jastag'i' jas balalarg'a tusaw kestiriw[1].

Jasi' u'lken yamasa jasi' kishi joqari'da aytqanday wolardi'n' psixologiyali'q wo'zgesheligin ani'qlay woti'ri'p birden ayag'i'n baylap qayshi' menen jiptin' wortasi'nan kesip «Ayag'i'n' jen'il bolsi'n, juwi'rg'i'sh bolg'aysan'» dep tilek bildiredi ha'm tusaw kesiwshi adamg'a kewlinen shi'qqan si'yli'g'i'n beredi. Al, yekinshi usi'lda awi'l yamasa ko'shedegi yer jetken, shaqqan, ziyrek, juwi'rg'i'sh balalardi' tan'lap tusaw kestiredi ha'm si'yli'g'i'n beredi. Tusaw kesken adam «Tusaw kesiw» qosi'g'i'n aytadi'.

G'az-g'az balam, g'az balam,
Quri'sqan boydi' jaz balam,
Tusawi'n'di' keseyik,
G'az-g'az balam, g'az balam,
Quri'sqan boydi' jaz balam,
Adi'mi'n'di' ko'reyik,
Ko'z tiymegey tu'kireyik,
G'az-g'az balam, g'az balam,
Quri'sqan boydi' jaz balam,
Ku'le berme ha'y kelinshek,
Balan' bolmasi'n yerinshek[2]

[1] Dala da'pterinen N:3.
[2] Bul da sonda.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Ha'r qanday jaqsi' so'zdi, jaqsi' i'n'i'ldi' menen maqtaw so'zlerdi de wo'zine qoni'mli' sesler arqali' sezinetug'i'ni' ma'lim.

Bala bug'an da quwani'p wo'mirge, ha'reketke su'ysine talpi'nadi'. Balani'n' ayaq basi'p ju'rgen waqi'ttag'i' quwani'shi' ko'p ku'letug'i'ni' da, ju're bergisi keletug'i'ni' da usi'nnan. Sonli'qtan bala jas waqti'nan baslap-aq ju'regine qosi'q i'rg'aqlari' menen quyi'lg'an turmi'sli'q o'mir, keleshek u'lgisi menen ta'rbiyalanadi'.

G'az-g'az balam, g'az balam,
Quri'sqan boydi' jaz balam,
Adi'mi'n'di' ko'reyik,
Tusawi'n' kesken sheshen'nin'
Sarpayi'n moldan bereyik,
Qarag'i'm shawi'p kiyati'r,
Yeri awi'p kiyati'r,
Qi'n'i'r-qi'rsi'q bolsa da,
Joli'n tawi'p kiyati'r.
Menin' balam tayi'nshaq
Terbenbestin' boyi'nda
Shawi'p ju'rgen tayi'nshaq[1].

***Su'nnetletiw.*** Su'nnetke woti'rg'i'zi'w VII-VIII a'sirlerde Arab yellerinen shi'g'i'p pu'tkil musi'lman jurti'na tarag'an[2]. Su'netletiw musi'lmanlardi'n' belgisi boli'p sanalg'an. Yer balani' su'nnetlew 5,7 yamasa 9 jasi'nda bolg'an. Balani' qansha tez su'nnetke woti'rg'i'zsa, sonsha awi'rsi'nbay tez jazi'li'p ketetug'i'n bolg'an. Su'nnetletiw ko'binese jazda yamasa gu'z aylari'nda balani'n' denesine ta'sir yetpesin degen ug'i'm menen islengen. Su'nnetletiw ushi'n balani' sheshindirip, a'kesi yamasa ag'alari' qol-ayag'i'n qatti' uslap, shash ta'rezi su'nnetleytug'i'n bolg'an.

Bir yeki, u'sh, to'rt, bes
Ta'shibay ushi'n kes

dep aylandi'ri'p woti'ri'p, o'tkir pi'shaq penen terini kesip ali'p, qandi' toqtati'w ushi'n ta'nge ku'l saladi' quri'm kiyizdi wotqa ku'ydirip soni'n' ku'lin basadi'. Shash ta'rezshige balani' su'nnetke woti'rg'i'zg'ani' ushi'n qoy, yeshki yamasa ko'ylek, kostyum-shalbar, aqsha beredi. Su'nnet toyi' ku'ni

[1] Qaliev S., Worazbaev M., Smaylova M. Qazaq xalqi'ni'n' salt-da'stu'rleri. Almati', «Rawan», 1994-j, 22-b.
[2] Dala da'pteri N:4.



ag'ayi'n-tuwi'sqanlari', qon'si'-qobalari', dos-yaranlari' su'nnetke woti'rg'an balag'a kewlinen shi'qqan zatlari'n beredi. Mi'sali', ha'r qi'yli' woyi'nshi'qlar, ko'ylek yamasa aqshalay bergen. Su'nnetke woti'rg'i'zi'w birinshiden musi'lmanshi'li'qti'n' belgisi bolsa, yekinshiden balani'n' yer jetkenliginin' gu'wasi' bolg'an.

U'yleniw ha'm u'y boli'wg'a baylani'sli' salt-da'stu'rler ha'r bir xali'qti'n' awi'zeki a'debiyati'nda sol xali'qti'n' salt-da'stu'rleri menen ma'deniyati', ekonomikali'q jag'daylari' ha'm sociallі'q ma'seleleri folklorli'q shi'g'armalarda sa'wlelengen. Worta Aziya ma'mleketleri Ta'jikstan, Qi'rg'i'zstan, Qazaqstan, Tu'rkmenstan, Wo'zbekstan ha'm Qaraqalpaqstanni'n' xali'qlari' a'zelden kiyati'rg'an ata tegi bir qatnas jasag'an, sol sebepli bul tuwi'sqan xali'qlardi'n' barli'q salt-da'stu'rleri birdey boli'p, uqsasli'qqa iye boli'p a'melge asi'ri'li'p kelmekte.

Ma'selen: «Nawri'z», «Woraza hayt» ha'm tag'i' basqa da bir qansha da'stu'rler boli'p tek g'ana wolardi'n' ayi'ri'm salt-da'stu'rlerinin' atqari'li'w wo'zgesheliginde wo'zgerisler bar. Al, tiykari'nan da'stu'rlerdin' aldi'na qoyg'an maqseti, wazi'ypasi' bir. Yamasa islam dinine su'yengen ha'm si'yi'ng'an birdey xali'qlar boli'p yesaplanadi'.

Sonli'qtan da musi'lman dininin' aldi'ndag'i' wori'nlanatug'i'n 5 pari'z bul xali'qlar arasi'nda birdey. Bir aytayi'n dep woti'rg'ani'mi'z bul u'yleniw ha'm u'y boli'w da'stu'rleri ha'zirgi g'a'rezsizliktin' sharapati' menen wo'zgerip ha'm jan'alani'p ati'rg'anli'g'i' haqqi'nda aytpaqshi'mi'z.

U'yleniw ha'm u'y boli'w buri'nnan kiyati'rg'an salt-da'stu'r boli'p, u'yleniw ushi'n jas jubaylar bir qansha soqpaqli'q qi'yi'nshi'li'qlarg'a ushi'rag'anli'qtan bir qansha da'stu'rler kelip shi'qqan. yeki jasti'n' qosi'li'wi'na baylani'sli' buri'nnan kiyati'rg'an qi'z uzati'w, quda tu'siw, jawshi' jiberiw, qi'z ali'p qashi'w, neke qi'yi'w, besik quda, qali'n' mal beriw, aqlay quda ha'm tag'i' basqa da salt-da'stu'rler a'melge asi'ri'lg'an.

***Quda tu'siw.*** Bul da'stu'r ha'r bir musi'lman xalqi'ni'n' buri'nnan kiyati'rg'an da'stu'rlerinin' biri boli'p, xali'q da'stanlari'nda bulardi'n' u'lgilerin ko'remiz. Mi'sali', «Alpami's», «Qoblan» da'stanlari'ndag'i' qudalardi'n' bir-birinin' qatnasi'qlari'ndag'i' mi'sallardan ko'riwge boladi'.

Sonli'qtan da bul quda tu'siw a'zelden kiyati'rg'an yen' a'hmiyetli da'stu'rlerdin' qatari'nda yesaplani'p kiyati'r. Quda tu'siw wo'zinin' turmi'sli'q jag'daylari'na baylani'sli' bir qansha wo'zgeshelikke iye boli'p keledi. Wolardan; Aqlay quda bul tiykari'nan yele tuwi'lmag'an ul balani' ha'm qi'z balani' atasti'ri'p, yeki jaqti'n' ata-anasi' bir-birine sadi'q awi'z birshilikte minez-qulqi'n, ha'reketlerin unatqanli'qtan, dos bolg'anli'qtan bir-birleri menen aldi'n-ala quda boli'wi' ushi'n wa'de berisip, ant ishisedi. Ul, qi'z bala tuwi'lg'annan keyin usi' wa'deni wo'z waqti'nda yag'ni'y yer bala 15-16



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

jasqa tolg'anda, al qi'z bala 12-13 jasqa tolg'anda yeki jasti' qosi'p, bergen anti'n bulji'tpay wori'nlaytug'i'n bolg'an. Berilgen ant awi'zeki yemes, al xat ju'zinde berilgen. Ma'selen «G'a'rip Ashi'q» da'stani'nda Shax Wa'liy menen Ha'sen wa'zirdin' balalari' «G'a'rip penen Shaxsanemnin' qosi'li'wi' bug'an mi'sal bola aladi'. Ha'zirgi waqi'tta quda tu'siw xali'qti'n' awzi'nda bi'layi'nsha so'z si'pati'nda ayti'lg'an menen is ju'zinde a'melge asi'ri'li'p ati'rg'an joq. Quda tu'siwdin' yekinshi bir tu'ri Besik quda boli'p, bunda da yer ha'm qi'z balani'n' besikte jatqan waqti'nan baslap-aq yeki jaq quda tu'sip sha'rtlesip kelisip wo'z waqti'nda a'melge asi'ri'li'p kelgen. Al, ha'zirgi waqi'tta bul da'stu'r wonsha is ju'zinde asi'ri'li'p kiyati'rg'an joq.

Al, u'shinshi bir tu'ri qi'z uzati'w boli'p, bul yerjetken yag'ni'y 15-18 jastag'i' yer bala, 14-15 jastag'i' qi'z bala bir-biri menen tani'si'p yamasa ata-anasi' ta'repinen aytti'ri'li'p uzati'li'p beriledi. Buni'n' mi'sali' si'pati'nda xali'q qosi'qlari'nda «Ha'wjar», «Yar-yar», «Si'n'si'w» qosi'qlari' ha'm basqa da bir qansha folklorli'q shi'g'armalardan ko'riwge boladi'. Bul qosi'qlardi'n' atqari'li'w sebepleri sonda quda tu'siwde, qi'z aytti'ri'wda qi'z benen jigittin' qa'lew, qa'lemewi yesapqa ali'nbag'ani' ma'lim. Woni'n' u'stine a'sirese u'stem klass wa'killeri ko'p qati'n ali'wshi'li'q, ha'meldarshi'li'q a'detin iske asi'ri'w ku'shli bolg'ani' ani'q. Malli'-du'nyali' g'arri' jas qi'zlardi' hayal u'stine yaki hayali' wo'lse hesh qanday hu'jdan rayi'na qaramay adamgershilikti ayaqqa basi'p ala beretug'i'n bolg'an.

Mine, usi'nday qi'yi'nshi'li'q jag'daylarda mun'-sher qosi'qlari' ayti'latug'i'n bolg'an. Ja'ne aytatug'i'n bir na'rse «Ha'wjar», «Si'n'si'w» qosi'qlari' qi'z ku'yewge shi'g'i'wdi'n' yendi xabari'n jetkerip, woni'n' basi'na tu'sken awi'rmanli'qqa ko'niwi kerek yekenin, wo'z aldi'na u'yli-jayli' boli'wg'a tayarlani'wi' lazi'mli'g'i'n bildiriwshi, ken'es beriwshi si'pati'nda da xi'zmet yetken. Sonli'qtan da bul qosi'qlar da salt-da'stu'r jag'daylari' g'ana yemes, al soni'n' menen birge social-ten'sizlik ko'rinisleri, ja'miyetlik du'zim a'dalatsi'zli'g'i' zaman aqi'betleri de so'z yetiledi. «Ha'wjar» qosi'g'i'nda:

Zer ko'ylektin' yetegin ilermeken, ha'wjar,
Qa'dirimdi ten'siz qul bilermeken, ha'wjar,
Sultan basi'm g'arri'g'a xorlar boldi', ha'wjar,
Dos ji'lati'p, dushpanlar ku'ler boldi', ha'wjar.
«Patsha» basi'm men wo'zim, ilgir yedim, ha'wjar,
Jalg'i'z ag'am bari'nda bilgir yedim, ha'wjar,
Tiyeyin dep ju'rmedim g'arri'-shalg'a,ha'wjar,
Su'ygen yari'm keler dep, men tur yedim, ha'wjar[1].

[1] Qaraqalpaq folklori'. Tom. 5. No'kis: «Qaraqalpaqstan» baspasi', 1980-j. 129 -b.



Bul qosi'qta demek, qi'z adamgershilikti, adamg'a adamsha qarawdi', adamdi' qa'dirlewdi talap yetedi. Bunday talap wol wo'tken zamanda wori'nlanbasa da u'lken a'hmiyetke iye, jaqsi' aldi'n'g'i' ideya yedi.

Qi'zdi'n' wo'z su'ymegen adami'na a'rmanli' ketip barati'rg'ani' menen birge, woni'n' sana-seziminin' joqari' ko'terilip qa'dirin woylap, adam degen ulli' atti' xorlawshi'larg'a qarsi' shi'g'a baslag'ani'n ko'remiz.

«Si'n'si'w» qosi'g'i':
Aq shayi' ko'ylegim,
Zerge batti' bilegim,
G'arri' baydi'n' qoli'nda,
Zarlar boldi' ju'regim.
Jani'm ag'am qulaq salsan' so'zime,
Jetim qali'p yergendegi izin'e,
Meni berip baydi'n' qi'zi'n ali'wg'a,
Woylan ag'a i'layi'q pa wo'zin'e!?
Nekemdi qi'ysa da, qazi' ha'm molla,
Bergen amanati'n alsa da alla,
Qarsi' qudali'qqa bergenin' menen,
Wo'timsiz jamang'a tiymeymen wolla [1]

Bulardi'n' barli'g'i'nan shi'g'atug'i'n juwmaq; qi'zlardi'n' ishki sezimlerin, ju'rekten shi'qqan mun'-sherlerin ayqi'n beretug'i'n wolardi'n' wo'z zamani'ni'n' qa'delerine, ta'rtiplerine belgili da'rejede narazi'li'g'i'n, yeriksizlikke, adamdi' xorlawshi'li'qqa shi'dami'ni'n' tawsi'la baslag'ani'n ko'rsetetug'i'n wo'tkir, realistlik ko'rinislerge toli' do'retpenin' biri yekenin ko'remiz.

Qi'z uzati'w ha'm u'yleniw salti'ni'n' etnografiyali'q ta'replerin aytatug'i'n bolsaq, u'yleniw ha'm qi'z uzati'w boyi'nsha do'regen poeziyali'q shi'g'armalardi'n' da'slepkisi toy baslar dep ataladi'. Bul tiykari'nan toydi' qi'zdi'ri'wdi'n' aldi'ng'i' ko'rinisi, tamasha qi'zi'qti'n' baslani'wi' retinde paydalang'an. Al, toy baslar u'yleniwge ha'm uzati'wg'a baylani'sli' da'stu'rlerdin' tariyxi'na kelsek, rus xalqi'ni'n' salti'nda da u'yleniw, qi'z uzati'w a'deti boli'p, wol ja'miyettin' rawajlani'wi'na qaray ha'r qi'yli' jag'dayda

[1] Qaraqalpaq folklori'. Tom. 5. No'kis: «Qaraqalpaqstan» baspasi', 1980-j. 129 -b.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

bolg'an ha'm sog'an sa'ykes poeziya a'yyemgi zamanlarda payda bolsa da, jazba dereklerde XV a'sirde ulli' knyaz, patsha, boyarlardi'n' u'yleniw toylari' - merekeler bergenlikleri jazi'li'p qali'ng'an. Gomerdin' «Ilinda» shi'g'armasi'ni'n' XVIII babi' qi'zdi'n' ku'yewge shi'g'i'w, jigittin' u'yleniw toyi'na-merekesine arnalg'an[1].

Onday bolatug'i'n bolsa, usi' salt-da'stu'rdi'n' a'yyemgi tu'rkiy xali'qlarda da bolg'ani' ma'lim. Buni'n' mi'sali' Worxon-Enisey yestelikleriinen, Sudji yesteligindegi «...Men uli'mdi' u'ylendirdim...» degen tasqa jazi'lg'an jazi'wdan ko'riwge boladi'[2]. A'lbette, marhumni'n' ati'nan jazi'lg'an yestelik tasqa wo'mirdegi basli' waqi'yalardi' si'yg'i'zi'w ushi'n qi'sqa jazi'w kerek bolg'an. Usi' qi'sqa «uli'mdi' u'ylendirdim» degennen biz atali'q pari'zdi'n' wori'nlani'wi'na g'ana yemes, u'lken toy-tamasha merekenin' bolg'ani'n da, bunda xali'q salti'na baylani'sli' tu'rli qosi'qlardi'n' da ayti'lg'ani'n tu'sinemiz. Biz so'z yetip woti'rg'an da'wirde tu'rkiy tilles xali'qlardi'n', soni'n' ishinde qaraqalpaq xalqi'ni'n' uli' yerjetse u'ylendiriw, qi'zi' yerjetse ku'yewge beriw salti'nda quda tu'siw, qi'z uzati'wdi'n' a'dewir tu'rleri baryekenligi tariyxtan ha'm xali'q awi'z yeki a'debiyati' shi'g'armalari'nan ma'lim. Aqlay quda boli'w u'rip-a'det boli'p bunda perzent bolmastan buri'n ayti'si'p,wa'delesip qoyi'lg'an.Al,«Alpami's»,«Shiyrin-Sheker»,«G'a'rip ashi'q» ha'm tag'i' basqa da'stanlarda ko'riwge boladi'.

***Toy baslar.*** Qaraqalpaq salt-da'stu'r ji'rlari'ni'n' adam wo'mirinde turmi'si'nda ko'p qollani'latug'i'n quwani'shli' baxi'tli' ku'nlerinin' biri si'pati'nda yesaplanadi'. Solardi'n' biri «Toy baslar». Bul ji'rlardi'n' tiykarg'i' maqseti toy wo'tkerejaq boli'p ati'rg'an adamg'a qutli' bolsi'n ayti'w, tilew, u'yleniw toylari'nda bolsa qosi'lg'an yeki jasqa baxi'tli' wo'mir, saw-salamatli'q, tati'wli'q tilewlerden ibarat boli'p keledi. Toy iyesinin' quwani'shi' xali'qti'n' quwani'shi'n ushlasti'ri'p, toy u'stine toy bolsi'n, dep tileydi. Bulardi' ayti'p bolg'annan keyin toyg'a toy iyesine toy baslaw wo'zinin' talap-tileklerin sezdirip qoyadi'. Mi'sali':

Toy degen quwani'shti'n' basi' bolar,
Toy dese quwrap qalg'an bas jumalar,
Bul toydi' qosi'q penen baslayi'n men,
Si'yli'qti' to'ge berin' jan ag'alar

Toyi'ni'z qutli' bolsi'n deymen tag'i',
U'kemnin' jaynay bersin baxi't, bag'i',

[1] Japaqov N. Yeske tu'siriwler. No'kis: Bilim baspasi', 1990-. 306-307-b.b.
[2] Bul da sonda.



Jigitler qi'zdi'ri'n'lar, merekeni,
Saz shertip,qosi'q aytar keldi wag'i'.

Toy bersen' awi'li'n'ni'n' dan'qi' shi'g'ar,
Toyg'a dep bala-shag'a sen'dey i'g'ar,
Toy qa'desin sorasan' toyxanada,
Bermeymen dep qa'deni kimler buzar[1].

Toy da'wlet, da'rya kibi tasa bersin,
Da'wletin' ji'ldan-ji'lg'a asa bersin,
Toyi'n'di' shalqi'p wo'tkeresen ag'a,
Saqi'y dep ati'n' shi'qsi'n, yelin' bilsin[2].

Toy basqari'wshi', atqari'wshi' insanni'n' uqi'pli'li'g'i'na baylani'sli' boladi'. Sebebi, ko'p g'ana toylarda toy baslawshi' adam ko'binese qag'azg'a jazi'p ali'w tiykari'nda a'melge asi'radi'. Biraq, ha'r bir toy baslawshi' adam wo'z yadi'nan yamasa improvizaciya arqali' suwi'ri'p sali'p ayti'wi' sha'rt. Toy baslaw ji'ri'ni'n' bir qansha u'lgileri awi'zdan-awi'zg'ako'ship,ha'r qi'yli' atqari'wshi'lar ta'repinen ayti'li'p ju'redi. Buri'ng'i' da'stu'rlerge baylani'sli' toy baslar ji'ri', toy baslanatug'i'n wori'ng'a adamlardi' kiriwge mira't yetip shaqi'ri'w sebebi menen de ayti'ladi'. Wol qosi'q ha'zirgi waqi'tta jaslar woti'ri'spalari'nda da ko'p ayti'latug'i'n qosi'qlardi'n' biri. «Qi'zlar u'yge kir» qosi'g'i' boli'p yesaplanadi'.

Qara tal jag'i'si' biydin' kemesi,
G'osh jigittin' qi'zdan bolar da'mesi,
Aldi'nda jol baslar sa'rdar jen'gesi,
Qi'zdi'r merekeni, qi'zlar u'yge kir.

Kir degende kirmey turman', uyali'p,
Tu'rmenin' si'rti'nan aydi'nii' shali'p,
Gu'lzar jen'gen'izdi aldi'g'a sali'p,
Qi'zdi'r merekeni, qi'zlar u'yge kir[3].

Bul qosi'q ha'zirgi waqi'tta da wo'zinin' quni'n joyi'tpag'an boli'p, ha'r bir wo'tkeriletug'i'n toylarda atqari'ladi'.

[1] Dala da'pteri. N:6.
[2] Qaraqalpaq folklori'. No'kis: «Qaraqalpaqstan» baspasi', 1980-j. 299-b.
[3] Bul da sonda.



A'jiniyaz atindag'i' NMPI
Informaciyali'q resurs worayi'
INVENTAR № 113321
«__» ______ 20__ j.

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Qutli' bolsi'n g'oshshaq jigit,
Toylari'n'i'z, toylari'n'i'z,
Bag' ishinde jarasadi', Gu'l jami'lg'an boylari'n'i'z,
Biz woti'rmi'z toyxanada,
Baxti'mi'z boli'p zi'yada,
Hawazlar jan'lasi'n du'nyada,
Qutli' bolsi'n toylari'n'i'z,
Woshag'i'n'da shay qaynasi'n,
Qazani'n'da may qaynasi'n,
Qutli' bolsi'n toylari'n'i'z.
Gu'l jami'lg'an boylari'n'i'z,
Dus kelipti yeki jas woylari'n'i'z,
Ji'ynali'p qara-qara qoylari'n'i'z,
Qutli' bolsi'n toylari'n'i'z.[1]

dep ji'ynalg'an jurtti', toydi'n' iyesinin' kewilin toli'p-tasti'ratug'i'n qatarlar menen wo'zin'di biyleydi.

Toydi'n' yen' u'lkeni xali'q ko'p ji'ynalatug'i'n, barli'q turmi's salt ji'rlari' qollani'latug'i'n kelin tu'siriw toy bolg'an. Sonli'qtan da kelin keliw menen jurt ji'ynali'p bet ashar baslanadi'.

***Bet ashar.*** «Bet ashar» qaraqalpaq xalqi'ni'n' milliy yeski da'stu'rlerinin' biri deydi, filologiya ilimlerinin' doktori', professor Yu.Paxratinov[2]. Sol aytqanday «Bet ashar» toydi'n' salti', sa'ni, da'stu'ri dep toli'q ayta alami'z.

Q.Ayi'mbetovti'n' «Xali'q danali'g'i'» atli' kitabi'nda «Bet ashar janri' haqqi'nda qi'sqasha mag'li'wmat bergen bolsa, Q.Maqsetovti'n' «Qaraqalpaq folklori'» atli' kitabi'nda uli'wma «Bet ashar» janri' haqqi'nda mag'li'wmat berilip, bir qansha mi'sallar keltirgen.Q.Ma'mbetnazarovti'n' 1990-j.jari'q ko'rgen «Qaraqalpaq awi'zeki xali'q do'retpeleri» atli' kitabi'ni'n' 55-63-betlerinde «Bet ashar» janri'na mi'sallar keltirgen[2].

Q.Ayi'mbetovti'n' «Qaraqalpaq folklori'» (1977j. 632-36-b.), Q.Bayniyazovti'n', A'.Qoji'qbaevlardi'n' baspadan shi'g'arg'an kitabi'nda uli'wma mi'sallar keltirgen. Bunnan basqa A'.Ta'jimuratov ta'repinen baspag'a tayarlang'an «Qaraqalpaq folklori'»ni'n' V tomi'nda (31-261-b.) «Bet ashar» janri'na mi'sallar keltirgen.

«Bet ashar»di'n' tariyxi' boyi'nsha qaraqalpaq awi'zeki xali'q a'debiyati'n izertlewshi ali'm Q.Ayi'mbetov wo'zinin' «Xali'q danali'g'i'» miynetinde to'mendegishe yeske aladi':

[1] Dala da'pteri. N:6.
[2] Paxratdinov Yu. Adam, ja'miyet, satira. No'kis: «Qaraqalpaqstan» baspasi', 1991-j. 13 -b.



«Bet ashar»di' shayi'r adam, so'zge sheber qosi'qshi'lar aytadi'. Bet ashar yeki tu'rli boladi'. Birinshisi «Ayti'm», yekinshisi «Bet ashar». Bet ashardi'n' ayti'm tu'ri kelinshekyel shetine kelip awi'lg'a kirgennen, toydi'n' bolatug'i'nli'g'i'n xali'qqa dag'azalaw retinde ayti'ladi'»[1] deydi.

Al, filologiya ililerinin' doktori', professor Yu.Paxratdinov «... Betashardi' ayti'wshi' jan'a tu'sken kelinshekke wo'zi jasag'an zamanni'n' ta'rtibin u'yretedi»[2].

Bet ashar biz joqari'da aytqani'mi'zday da'wir wo'tken sayi'n jan'alani'p baradi'. Xali'qti'n' bul da'stu'ri qayta quri'w procesi pa't ali'p barati'rg'an ha'zirgi da'wirimizde de wo'z ku'shine yendi. Bet ashar hesh bir da'wirdin' wo'zgeriwine qaramastan xali'qti'n' bu'gingi talg'ami'nan shetlegen yemes. Yen' kerek jeri yumorsi'z bet ashar bolg'an yemes ha'm bolmaydi' da dep tu'sindiredi[3].

«Bet ashar» buri'nnan atadan-balag'a, a'wladtan-a'wladqa wo'tip kiyati'rg'an salt-da'stu'r. U'yleniw toyi' woni'si'z wo'tpeydi, deydi filologiya ilimlerinin' doktori', professor Q.Maqsetov.

N.Japaqovti'n' miynetinde «Bet ashar» janri'na mi'sallar keltirip[4], al biraq bul miynetlerdin' ba'rinde de «Bet ashar» janri'ni'n' izertleniw tariyxi' yamasa qaysi' a'sirden, da'wirden baslanatug'i'nli'g'i' ayti'lmay kelgen. «Bet ashar» xali'qti'n' neshe ju'z ji'llap da'stu'r boli'p kiyati'rg'an salti'ni'n' biri yag'ni'y toydi' baslawshi' i'ri'mlardi'n' biri bet ashar dep kiyati'rmi'z. Al, qaysi' a'sirden baslap qaraqalpaq xalqi' wo'zinin' «Bet ashar» janri'n toylarda iske asi'ri'p kiyati'rg'ani' ma'lim. Sonli'qtan yele de bolsa «Bet ashar» janri'n teren'irek izertlewdi talap yetedi.

Qaraqalpaq xalqi'ni'n' tariyxi' yamasa xali'q boli'p qa'liplesiwinen baslap qarag'ani'mi'zda XV-XVI a'sirlerden baslap-aq qaraqalpaq xalqi'ni'n' arasi'nda «bet ashar»lar ayti'latug'i'n bolg'an. Al, wonnan aldi'n tu'rkiy tilles xali'qlar menen jasag'an wo'zbek, qazaq, tu'rkmen, qi'rg'i'z, qaraqalpaqlar basqa da uri'w-qa'wimler jasag'ani' menen XIV-XV a'sirge deyin bolmag'an boli'wi' itimal. Sebebi. Worxon-Yenisey jazba yestelikllerinin' payda boli'wi'nan baslap, bunnan basqa Worta Aziyadag'i' tu'rkiy tilles xali'qlardi'n' payda boli'wi', gunnlardi'n' ko'ship keliw da'wirleri, yag'ni'y erami'zdan buri'ng'i' a'sirlerge tuwra kelgen bolsa, bul da'wirde gunnlar Jetisuw ha'm Si'rda'rya boylari'na ko'ship kelip, jergilikli Skif ha'm Massaget qa'wimleri menen ag'ayin-tuwi'sqanday boli'p ketkenligin tariyxtan bilemiz. Al, sak-massaget qa'wimleri bolsa, qaraqalpaqlardi'n' ata-babalari' yekenligi ma'lim.

[1] Ayi'mbetov Q. Xali'q danali'g'i'. No'kis: «Qaraqalpaqstan» baspasi', 1988-j. 14-16-b.b.
[2] Paxratdinov Yu. Adam, ja'miyet, satira. No'kis: «Qaraqalpaqstan» baspasi', 1991-j. 13-b.
[3] Bulda sonda
[4] Japaqov N. Yeske tu'siriwler. No'kis: Bilim baspasi', 1990-j. 319-326-b.b.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Bul a'sirlerde tu'rkiy xali'qlardi'n' basqa qa'wimler menen boli'p turg'an uri'slari' Worxon-Yenisey jazba yestelikleriren xali'qti'n' bu'lginshilikte bolg'ani'n bilemiz. Usi'nnan juwmaq shi'g'ara kelip, sol da'wirlerdegi qi'yi'nshi'li'qlar sebebinen «Bet ashar» bolmag'an boli'wi' itimal. Al, XI-XIV a'sirlerde,— dep jazadi' T.A.Jdanko, qaraqalpaq xalqi'ni'n' qa'liplesiwinin' tiykarg'i' basqi'shi'na qi'pshaq qa'wimlerinin' ta'siri basi'm boldi'[1], degen. Wonday bolsa, «Qoblan» da'stani' XII-XIII a'sirdegi qi'pshaqlardi'n' eposi', «Edige» XIV-XV a'sirlerdegi man'g'i'tlar eposi', «Alpami's» qon'i'ratlar eposi' boli'p, so'z yetip woti'rg'an da'wirlerge «Qoblan» ha'm «Alpami's» da'stanlari'ndag'i' tek g'ana kelin ushi'n ko'rimlikti, kelin tu'sirip ati'rg'an yeldin' iri basli' adamlari' g'ana yemes, al kelinnin' wo'zi de ju'zin ko'rsetiw ushi'n ko'rimlik sorag'ani' su'wretlenedi. Mi'sali', «Qoblan» da'stani'nda Qurtqa suli'w wo'zin yelden yen' aldi' menen kelip ko'rgen Quralay qaynag'asi'na:

Jaqi'n kelshi qaynag'am,
Ko'rimligin' sol bolar,
Jawsap turg'an ker biye,
Ati'si'ma baylasan',
Qaynag'am bildim wo'zin'di,
Ti'n'la menin' so'zimdi,
Ali'p kelsen' biyeni
Ko'rseteyin ju'zimdi[2].

dese, «Alpami's» da'stani'nda:

Alpami'sti'n' a'kesi,
Baysi'n yeldin' da'kesi,
Baybo'rige bir sa'lem,
Kelinli boldi'n' degenge,
Quwani'p ju'r yenen'iz,
Jantileske bir sa'lem[3], dep aytaladi'.

Ilimpazlardi'n' izertlewine qarag'anda salt-da'stu'r ji'rlari' ha'r qi'yli' da'wirlerge sa'ykes keledi.

K.Allambergenov «Qaraqalpaq a'debiyati'nda ayti's» monografiyali'q miynetinde, toy baslar, bet ashar, ayti's ba'ri de feodalli'q salt wo'ris alg'an gezde tuwadi'»[4] deydi.

---

[1] Ma'mbetov K. A'yyemgi qaraqalpaq a'debiyati'. No'kis: «Qaraqalpaqstan» baspasi', 1976-j. 76-77-b.b.
[2] Qoblan. No'kis: «Qaraqalpaqstan» baspasi', 1981-j. 48-b.
[3] Alpami's. No'kis: «Qaraqalpaqstan» baspasi', 1990-j. 82-b.
[4] Allambergenov K. Qaraqalpaq a'debiyati'nda ayti's. No'kis: «Qaraqalpaqstan» baspasi', 1989-j. 22-b.



XIX a'sirde ayti'sti'n' shayi'rlarg'a zor mektep bolg'ani' haq. Bul duri'sli'qqa keledi. Al, professor A'.Qon'i'ratbaevti'n' ko'rsetiwinshe totemizmge negizlengen ba'dik wo'len'leri ju'da' yertede gezlesetug'i'n qubi'li's, jar-jar (bizde hawjar) jubayli' neke tuwg'annan son' payda boldi', degen[1].

Menin' woyi'msha yele bul xali'q salt-da'stu'r ji'rlari'n teren'irek izertlewdi talap yetedi, dep woylayman.

Bet ashar janri'ni'n' basqa janrlardan wo'zgesheligi toyda xali'qti'n' u'rp-a'detlerinin' yeski, jan'a salt-da'stu'rlerdin' ha'r biri u'rp-a'detlerde, saltlardi'n' ha'mmesi qollani'ladi'. Yel-jurt, toyg'a ji'ynalg'anlar u'rip-a'detlerdi, saltlardi' ku'lki menen baslap, ku'lki menen dawam yetedi, ku'lki menen juwmaqlaydi'.

Toy adam turmi'si'ndag'i' yen' quwani'shli', barli'q u'mit-arzi'wlari'ni'n' biyik shi'n'i'. Toy berip ag'ayi'n-tuwg'anlari'n'di', dos-yaranlari'n'di' ji'ynap,tapqan-tergenlerin'di shashi'p, woyi'n-ku'lki, saz-sa'wbet penen a'rmani'n'di' woti'rlaysan'. Bul haqi'yqi'y turmi's talabi'. Toyda ku'lki adamlardi'n' ma'datkari' boladi'.

Mine, usi' a'diwli isler ju'zege asi'p, jarasi'g'i' menen quwani'shlari' quwani'shqa ulasi'p, usi' shadli'qtan adamlarda yosh woyani'p, ilha'm kelip jan'aa'debiy ko'rkem qosi'qlar do'reydi.

Bet ashardi' shayi'r adam, so'zge sheber qosi'qshi'lar baslaydi'. Bet ashar yeki tu'rge bo'linedi.

1. Ayti'm. 2. Bet ashar

Bet ashardi'n' ayti'm tu'ri kelinshek yel shetine kelip, awi'l arasi' menen ju'rip, kelin boli'p tu'setug'i'n u'yge kirer aldi'nan bet ashardi' ayti'wshi' jan'a kiyati'rg'an kelindi ku'tip ali'p, toydi'n' bolatug'i'nli'g'i'n xali'qqa dag'azaretinde bir neshe qatardan ibarat ayti'm aytadi'. Bul ayti'm ko'rimlik dep ataladi'. Ayti'mni'n' u'lgisi mi'naday:

Kelin-kelin kelip tur,
Iyilip sa'lem berip tur,
Kelinshek keldi ko'rin'iz,
Ko'rimligin berin'iz,
Ala-g'ula demen'iz,
Ati'n ayti'p qoyman'i'z[2]

— dep ayti'p, toy beriwshiden ko'rimlik, si'yli'q aladi'. Jan'a kiyati'rg'an kelinshek ko'p qi'zlardi'n' qatari'nda qatarlasi'p ju'rip, kelin bosag'adan

---

[1] Allambergenov K. Qaraqalpaq a'debiyati'nda ayti's. No'kis: «Qaraqalpaqstan» baspasi', 1989-j. 22-b.
[2] Dala da'pterinen. N.7.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

kirerde qoli'n bosag'ag'a tiygizip, wonnan keyin man'layi'n tiygizip, iyilip ta'jim yet. U'ydin' won' jag'i'nashi'mi'ldi'q tuti'li'p,kelinshekwog'an kirgizilip, bir neshshe qi'zlar menen qatarlasi'p woti'radi'. Kelinshektin' betine wormal tuti'ladi'. Ku'n batqannan tan' atqansha u'yge kim kirse, shi'qsa, qi'zlar menen birge worni'nan turi'p, woti'radi'.

Yerten'ine tan' atqannan keyin toy da'bdebesi baslanar aldi'nan kelinshekti betin ashi'wg'a tayarlaydi'. Bet ashi'wshi'ni'n' qoli'nda miywe ag'ashi'nan si'ri'q, woni'n' ushi'na hasi'l zat yaki pul tu'yilgen woramal baylang'an boladi'.

Wol woramaldi'n' bir ushi' kelinshektin' betin japqan woramalg'a baylanadi'. Bet ashardi' ayti'wshi', bet ashar qosi'g'i'n baslaydi'. Wol ha'r bir qosi'g'i'ni'n' arti'nda «wog'an berin' bir sa'lem, bug'an berin' bir sa'lem» dep so'zin juwmaqlag'anda si'ri'qti'n' ushi'n joqari' ko'teredi. Sol waqi'tta jan'a tu'sken kelinshektin' bet ajari' ko'rinedi. Kelinshek basi'n to'men iyedi, ji'ynalg'an ko'pshilik kelinshektin' betine toparlasi'p qaraydi'. Usi'nday ha'r qosi'qti'n' juwmag'i'nda kelinshektin' betin bir ashi'p, bir jawi'p qosi'g'i'n qayalaydi'. Kelinshek bir neshshe ma'rtebe iyilip ta'jim yetiredi. Bet ashar qosi'g'i' yen' aldi' menen yeldin' ag'asi', wonnan keyin u'ydin' iyesi menen tani'sti'ri'ladi'.

***Yel ag'asi'na:***
Yeltiri tonni'n' jag'asi',
Duyi'm jurtti'n' ag'asi',
Qulmurat degen qaynag'an',
Wog'an berin' bir sa'lem.
Qayi'n atasi':
Hu'rmetleymiz atan'di',
Yeline dan'qli' atan'di',
Polat degen qayi'n atan',
Wog'an da berin' bir sa'lem.

***Qa'yi'n yenesi:***
Ko'shkende ko'shti baslag'an,
Jawli'g'i'n qi'ya taslag'an,
Gu'lzar degen qayi'n yenen',
Wog'an da berin' bir sa'lem[1].

[1] Dala da'pterinen, N:7.



Bet ashardi' ayti'wshi' jan'a tu'sken kelinshekke wo'zi jasag'an zamanni'n' ta'rtibin u'yretedi. Qayi'n atasi'na, qayi'n yenesine, ku'yewine xi'zmet qi'li'wdi' minnetli yekenin tu'sindiredi.

Tuli'pti'n' awzi' ashi'q dep,
Qurt urlama kelinshek,
Wo'zin' jati'p ku'yewin'e,
Tur torlama kelinshek[1].

Bet ashardi'n' keyingi jaqlari'nda qa'yin ag'alari', qa'yin biykeleri, yel ishinde abi'royli' jasi' u'lkenler, apalari', shesheleri, qurbi'-qurdaslari', qon'si'-qoba, ag'ayi'n-tuwg'anlar menen ku'lkili ta'wishte tani'sti'radi'.

Bet ashar pitkennen keyin kelinshektin' betindegi woramal ashi'ladi'. Kelinshek u'y xi'zmetine aralasa baylaydi'.

Baqsi', ji'raw ayti'ri'w, gu'res tuti'w, woyi'n-tamashalar dawam yete beredi. Usi', bet ashar arqali', biz turmi'si'mi'zda boli'p ati'rg'an adamlardi'n' is-ha'reketin, psixologiyali'q xarakterlerin, du'nyag'a ko'z-qaraslari'n, a'dep-ikramli'li'q, basqada wo'mir su'rip ati'rg'an turmi's shi'nli'g'i'ni'n' belgilerin ko'remiz.

Mi'sali':
Tari' yekse push bolg'an,
Yesiginin' aldi' muz bolg'an,
Qulan degen qaynag'an,
Wog'an da berin' bir sa'lem.

Yesiginin' aldi' qumli'q,
Woylag'ani' sumli'q,
Qara qus degen qaynag'an',
Wog'an da berin' bir sa'lem[2].

Bunda qaynag'asi'ni'n' minez-qulqi'ni'n' qi'zi'q yekenligi ayti'ladi'.

Qazaq ha'm wo'zbek awi'zeki a'debiyati'nda da «bet ashar» janri' rawajlang'an boli'p, wo'zbeklerde «Kelin salam» yamasa «bet ashar» dep aytadi', al qazaqlarda da «Bet ashar» dep ataladi'. Biraq, bulardi'n' arasi'nda tek g'ana qi'z ali'si'w ha'm qi'z berisiw da'stu'rlerinde ayi'rmashi'li'qlar bar.

[1] Dala da'pterinen, N:3.
[2] Bulda sonda.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Ma'selen: Qi'z uzati'w, quda tu'siw qazaq, wo'zbek, qaraqalpaqlarda da bar.

Quda tu'siw qazaq xalqi'nda buri'nda bir neshe qa'delerden turg'an. Woni'n' ishinde «biz shanshar», «esik ko'riw», «qi'z tani'si'w» a'detleri bolg'an bolsa, qi'z uzati'w ushi'n bir qansha ko'plegen qa'delerdi tayarlap bolg'annan keyin qi'z uzatatug'i'n bolg'an[1].

Bet ashar qaraqalpaq xalqi'ni'n' salt-da'stu'r ji'rlari' boli'p, yelege deyin qalg'an yemes. Da'wirdin' wo'zgeriwi, g'a'rezsizliktin' sharapati' menen jan'asha toy da'stu'rleri bet ashar ideyalari' da jan'a mazmung'a yendi. Mi'sali':

Kelin keldi ko'rin'ler,
Ko'rimligin berin'ler,
Kelin ko'remen degenler,
Qa'ne mag'an yerin'ler,
Shampandi' da quyi'n'lar,
Shashi'wdi' da to'gin'ler,
Bosag'ag'a iyrilmey,
Bermani'raq kelin'ler[2],

- dep ji'ynalg'an jurtti' bet ashar ayti'wshi' wo'zine bar di'qqati'n qarati'p aladi'. Bul xali'qti'n' buri'ng'i' da'stu'ri boyi'nsha sol mazmunda sol ideyada bet ashar kewilli baslani'p wo'z ishine ayti'wshi' zamanni'n' ayi'ri'm wo'zine ta'n belgilerin bildiretug'i'n qatarlardi' qosqan (Shampandi' da quyi'n'lar). Ha'zirgi zaman «bet ashar» janri'ni'n' tematikali'q ideyali'q mazmuni' ken' ma'niste qollani'lg'an boli'p, zamani'mi'zdi'n' ko'rkeyip, rawajlani'p ati'rg'an respublikami'zdi'n' awi'l-qalalari'na arnali'p, xalqi'mi'zdi'n' barli'q ka'sip mamanlari'na arnap, wolardi'n' alg'a qoyg'an maqsetlerinin' wori'nlani'p ati'rg'anli'g'i', kemshilikleri de ashi'p taslanadi'. Soni'n' menen birge, qaraqalpaq xalqi'ni'n' wo'zinin' milliy tiline iye bolg'anli'g'i'ni'n' gu'wasi' bolami'z. Ma'selen: Bet ashardi' ashi'wshi' ha'zirgi zamanni'n' artistleri Uzaqbay Shamuratov, Alimbay Seytekov, Isan Xojametovlar bi'lay ashadi':

«Assalawma-a'leykum hu'rmetli ja'ma'a't! Mine, bu'gin sizin' menen biz bir a'jayi'p sa'nenin' u'stinde, quwani'shli' ku'nlerde diydarlasi'p woti'rmi'z. Yelimizge kelin kelip, baxi't kelip quwani'p ati'rg'an yekenbiz, babalar joli'na sadi'qli'q qi'li'p yen' bir ibratli' so'zler menen ha'zirgi zamang'a i'shqamlasti'ri'lg'an bet ashari'mi'zdi' baslaymi'z»[3], dep baslaydi'.

Ha'zirgi bet ashar menen buri'ng'i' xali'qti'n' awi'zeki a'debiyati'ndag'i' bet ashardi'n' ko'rkemlik wo'zgesheliklerinin' belgileri to'mendegishe:

---

[1] Qaliev S., Worazbaev M., Smaylova M. Qazaq xalqi'ni'n' salt da'stu'rleri. - Almati', 1994-j. 154-155 -b.b.

[2] Dala da'pterinen, N:4.

[3] A'jimov Ya. Bet ashar. No'kis: «Qaraqalpaqstan» baspasi', 1991-j. 1-27-b.b.



1. Quri'li'si' jag'i'nan yamasa prologtan baslani'p, kompoziciyali'q wo'zgeriske kiredi.
2. Bet ashar tiykari'n professional atqari'wshi'larta'repinen atqari'lmaqta. Yag'ni'y improvizaciyali'q atqari'w jolg'a qoyi'ldi'.
3. Poetiqali'q ma'nisi wo'zgerdi.
4. Siyasiy si'pati' ku'sheydi.
5. Ko'rkemlew quralları'nan paydalani'w a'dewir jetilisti.
6. «G'a'rezsizliktin' sharapati' menen zamanni'n' wo'zgeriwine baylani'sli' bet ashardi'n' mazmuni'na da u'lken a'hmiyetli jan'ali'q - wo'zgeris yendi.
7. Naqi'l-maqallardan paydalani'w ko'birek seziledi.
8. Basqa millet xali'qlari'ni'n' da'stu'rinin' u'lgisi seziledi. (Ma'selen, yevropa yellerinin' da'stu'rinin' biri baxi't u'yine bari'w).

Solay yetip, qaraqalpaq salt-da'stu'rlerinde bet ashar to'mendegishe bolg'an:

1. Ko'sheden u'yge kirgenshe ayti'latug'i'n bet ashar.
2. Shi'mi'ldi'qtan shi'g'ari'p xali'qqa tani'sti'rarda ayti'latug'i'n bet ashar.

Yag'ni'y, bet ashar qosi'g'i' yeki bo'limnen ibarat boli'p, birinshi bo'limde kelinnin' keliwi qutli'qlani'p, keyin ata-enenin', yel-jurtti'n' da'stu'rin, jan'a bosag'ani' hu'rmetlewi ayti'li'p, wog'an aqi'l-na'siyat berilse, yekinshi bo'limde kelindi qa'yin jurtti'n' adamlari' menen tani'sti'radi', bunda aqi'l-na'siyat boladi' ha'm bir qatar yumor, satira aralasadi'.

«Bet ashar»di'n' da'stu'r yekenin, woni'n' a'yyemgi waqi'tlardan bar yekenin ayti'p wo'tiw kerek.

Ha'zireti Biybi patmani',
A'liy Xaydan alg'an yeken,
Haq payg'ambar Rasulge,
A'liy ku'yew bolg'an yeken.
Kelinshek bolg'an Biybi patma,
Betine aq salg'an yeken,
Qi'z ku'yewge tiygennen son',
Kelinshektin' betin ashi'w
Buri'ng'i'dan qalg'an yeken...[1],

— dep keltiredi.

Filologiya ilimlerinin' doktori' Q.Ayi'mbetov «Toy baslaw», «Ha'wjar», yaki «Yar-yar» toyda ja'ma'a't boli'p ji'r-ji'rlag'anda, toy baslang'anda ji'rlang'an «Ha'wjar» menen «Yar-yar» yekewi bir so'z. Tu'rk tilles xali'qlardi'n' «j» menen so'ylewshileri «ha'wjar», «y» menen so'ylewshileri «yar-yar» dep atag'an[2].

---

[1] Dala da'pterinen, N:3.

[2] Ayi'mbetov Q. Xali'q danali'g'i'. No'kis: «Qaraqalpaqstan» baspasi', 1988-j. 13-14-b.b.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Musi'lman dininin' ta'siri yaramazan menen payda bolg'an salt-da'stu'r ayti'mlardi'n' biri — yaramazan. Bul ayti'm tiykari'nan musi'lmanlardi'n' woraza ayi'na, woraza tuti'wi' ha'm woraza hayti'na bag'i'shlang'an.

Yaramazan ayti'mlari' yeki bo'limnen ibarat boli'p, birinshi bo'liminde yaramazan ayti'mi' ayti'lsa, al yekinshi bo'liminde yaramazanni'n' pa'tiyasi' ayti'ladi'. Professor Q.Ayi'mbetov bul haqqi'nda to'mendegishe jazadi': «Yaramazandi' ka'sip qi'lg'an adamlar buri'ng'i' zamanlarda qasi'na bir neshshe jaslardi' toplap ali'p, basqa uri'wlardi'n' yellerine bari'p, jan'a tu'sken kelinshektin' yaki u'yinde yer jetken qi'zi' bar u'ydin' qasi'na kelip at u'stinde turi'p yaramazan aytatug'i'n bolg'an»- dep jazadi'[1]. Ha'm yaramazan baslawshi' wo'z ta'riypin ayti'p bolg'annan son' qasi'ndag'i'lar ja'ma'a't boli'p xor menen naqi'rati'n aytatug'i'n bolg'an, yamasa:

A'riy sha'riy qudag'a, nur a'ylim Mustafag'a
Muhammed u'mmetin'e yaramazan[2].

dep xorg'a qosi'lg'an. Yaramazan ayi'ni'n' basi'nda, wortasi'nda ha'm aqi'ri'nda ayti'latug'i'n bolg'an.

Yaramazan ha'r bir ja'miyettin' wo'zgeriwine qaray woni'n' mazmuni' da wo'zgerip woti'rg'an. Ma'selen, Lamekti'n' balasi' Nuh payg'ambar da'wirinde du'nya ja'ne bir ma'rtebe ten'selgen. Sebebi, bul da'wirde jaqsi'li'qlardan go're jamanli'qlar ko'beyip ketken. Nuh wolardi' ta'rtipke sali'w ushi'n Islam a'tirapi'nda ja'mlesiwge shaqi'rg'an. Biraq, qi'ri'q hayal ha'm yerkek ja'ni seksen adamnan basqasi' woni'n' aytqani'n qi'lmaydi'. Soni'n' ushi'n da Alla taaladan ja'rdem soraydi'. Alla taala wog'an sa'rwi ag'ashi'n ina'm yetip, wol ag'ashtan keme sog'i'wdi' buyi'radi'. Nuh bul kemege 80 adam menen birekte wo'zinin' u'sh balasi' ha'm won segizx mi'n' a'lemdegi ba'rshe ja'niwarlardi' jup-juptan tiyeydi. Mine, sol waqi'tta Alla taala wog'an topan suwi'n jiberedi. Sol waqi'tta du'nyani'n' ju'zin suw basi'p barli'q maqluqlar qi'ri'ladi'. Nuh payg'ambar kemesi menen du'nyani'n' to'rt ta'repin aralaydi'. Iblis (shaytan) bul jerde wog'an jamanli'q isleydi. Ba'rshe ja'niwarlar menen birgelikte mu'igip woti'rg'an ti'shqanni'n' jani'na kelip: Sonshama ja'niwarlarg'a qarag'anda senin' tisin' wo'tkir, bu'ytip ash boli'p woti'rg'ansha kemenin' tu'bin tes. Arg'i' jag'i'nda qapshi'q-qapshi'q

---

[1] Ayi'mbetov Q. Xali'q danali'g'i'. No'kis: «Qaraqalpaqstan» baspasi', 1988-j. 18-b.
[2] Bul da sonda.



da'nler bar der u'gitleydi[1]. Shaytanni'n' aldawi'na isengen ti'shqan kemeni tesedi, sol sebepli keme suwg'a g'arq bola baslaydi'. Nuh payg'ambar bul apattan quti'li'w ushi'n kemedegilerden ja'rdem soray baslaydi'. Sonda bir ji'lan u'sh bu'klenip kemenin' tesilgen jerine ti'g'i'n boli'p kemeni apattan saqlap qaladi'. Bul haqqi'nda qaraqalpaq xali'q awi'zeki a'debiyati'ni'n' salt-da'stu'rleri bolg'an «Yaramazan» qosi'g'i'nda bi'lay dep ji'rlag'an:

Buri'ng'i' payg'ambari'm keme jong'an,
Kemesin ti'shqan tesip suwg'a tolg'an,
Bir ji'lan u'sh bu'klenip ti'g'i'n bolg'an,
Muhammed u'mmetin'e yaramazan[2].

Bul «Yaramazan» qosi'g'i' arqali' Payg'ambarlardi'n' payda boli'wi' wolardi'n' jaqsi'li'q penen jamanli'q arasi'ndag'i' gu'restin' na'tiyjesinde jaqsi'li'q jen'etug'i'nli'g'i'ni'n' tiykarg'i' maqsetin tu'sindirip beredi. Ja'ne aytatug'i'n na'rse bul qosi'qta payg'ambarlardi' maqtaytug'i'n yamasa ko'termeleytug'i'n so'zler ayti'p qoyg'an joq. Kerisinshe turmi's xali'qti'n' dosli'g'i'n bekkemleytug'i'nli'g'i' so'z yetiledi.

Ramazan ayi' da ha'zirgi waqi'tta ha'r ji'li' wo'tkeriletug'i'n diniy da'stu'rlerdin' biri boli'p, usi' aydi'n' ayag'i'nda bir ku'n ja'miyetshilik xali'q ushi'n u'lken bayram si'pati'nda dem ali's beriletug'i'n boldi'.

Soni'n' menen birge woraza baslanarda, wortasi'nda ha'm ayag'i'nda xali'qta yaramazan ayti'w da'stu'ri saqlani'p kiyati'r. Mi'sali':

Mi'naw u'ydin' yesigi erbenedi,
To'rinde alti'n besik terbeledi,
Besik terbetken appaq jen'gem,
Yaramazan ayti'wshi'g'a ne beredi,
Hawada yeki qoshqar du'gisedi,
Bay menen ba'ybishe ken'esedi,
Bay ata qoshqar bersek neter, — deydi,
Ba'ybishe woramal-sharshi' jeter, — deydi,
Yaramazan ayta-ayta hesh boladi',
Ha'r u'yde bunsha tursam kesh boladi',
Da'wletli adam ko'p malg'a dus boladi'
Ya, Muhammed u'mmetin'e yaramazan...[3] h.t.b.

---

[1] Ma'mbetov K. Qaraqalpaqlardi'n' etnografiyali'q tariyxi'. No'kis: «Qaraqalpaqstan» baspasi', 1995-j. 165-167-b.b.
[2] Bulda sonda.
[3] Dala da'pterinen. N:11



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Yaramazanni'n' bulardan basqa da bir qansha tu'rleri bar. Geyde kupletlerdin' izinde «A'riy-sha'riy»... dep si'yi'ni'w, tilek tilew, pa'tiya beriw tu'rinde boli'p keledi.

Asi'n', asi'n', asi'n'a
Bereket bersin basi'n'a,
Bo'denedey jorg'alap,
Qi'rg'awi'lday qi'rg'alap,
Qi'di'r degen atan'i'z
Wo'zi kelsin qasi'n'a,
Yaramazan ayta keldim yesigin'e,
Qoshqarday qos ul bersin besigin'e,
Tag'i'si'n tag'i' bersin nesiyben'e
Yaramazan yaranlari'

Ya Asan ia U'sennin' baialari'
Zali'mg'a qi'li'sh urg'an ha'zireti A'liy
Wo payg'ambar u'mmetin'e yaramazan
Yaramazan ayta-ayta
Bawri'm qatti'
Sarg'ayi'p wo'n' jag'i'mnan tan'lar atti'
Musi'lman bende bolsa tursa netti,
Muhammed u'mmetin'e yaramazan.[1]

(Du'ysenbay Nurjanov - qaraqalpaq, uri'wi'-ton'moyi'n, 68 jasta. Kegeyli r/n. 6-awi'l, sawati' 5-klass).

Yaramazandi' buri'nlari' worta ha'm u'lken jastag'i'-jigit qi'zlar aytatug'i'n bolsa, bul da'stu'r wo'zgerip tekg'ana 7-8 jastan baslap 15-jasqa shekengi balalar ha'm qi'zlar aytatug'i'n ayti'mg'a aylandi'. Bul ayti'm ha'r u'ydin' yesigine telmirip, gezip ju'rip ayti'ladi'. Wog'an u'y iyesi pul, nan, shu'berek, sharshi', qullasi' ne niyet yetse sol zati'n beriwge boladi' degen ug'i'm. Soni'n' menen birge ha'zirgi da'wirge say qosi'q quri'li'si'da kishkene balalardi'n' ayti'wi'na i'qsham boli'p keledi. Bul ayti'mni'n' formasi' to'mendegishe:

Yaramazan ayta keldim yesigin'e,
Qoshqarday ul bersin besigin'e,

[1] Dala da'pterinen, N:1.



Da'wlet qusi' qonsi'n yesigin'e,
A'riy, sha'riy, qudag'ay.
Yesigin'nin' aldi' woy bolsi'n,
Qoran' toli' qoy bolsi'n,
Qazani'n'da qaynag'an,
Gilkildegen may bolsi'n,
Mi'naw u'ydin' yesigi yerbeyedi,
Ishinde alti'n besik terbeledi,
A'riy, sha'riy, qudag'ay,
Mi'naw u'ydin' shan'arag'i' shap-shaq g'ana,
Ishinde bir jen'gem bar appaq g'ana,
Biz barami'z awi'li'mi'zg'a maqtap g'ana,
A'riy, sha'riy, qudag'ay[1].

Bul ayda wo'tkeriletug'i'n woraza Islamni'n' yen' basli' pari'zi'n' biri. Musi'lman kalendari'ni'n' tog'i'zi'nshi' ayi' Ramadan, basqasha Ramazan ayi', kalendar menen ku'n kalendari' arasi'nda 11 ku'n parqi' bolg'anli'qtan ha'r ji'li' woraza mu'ddeti de wo'tken ji'lg'a qarag'anda 11 ku'n buri'n keliwi mu'mkin. Bul ha'r ji'ldi'n' qi'si', jazi', ba'ha'ri, gu'zine de tuwra keliwi mu'mkin.

Basqa du'nyali'q buddizm, xristianli'q dinlerdegi si'yaqli' musi'lman worazasi' biraz wo'zinin' wo'zgesheliklerine ha'm belgilerine iye. Mi'sali', xristian, buddizmde bul da'stu'rdi saqlawda adamlar awqatlardi'n' ayi'ri'm tu'rlerin g'ana jemeydi, al islamda bolsa, ku'ni menen hesh na'rse awzi'na almawi', jemewi ha'm ishpewi kerek. Ha'tteki shi'li'm shegiw, xosh iyisli yamasa awqatli'q zatlar iyiskelew de qadag'an yetiledi. Soni'n' menen bir qatarda ha'r qanday la'zzet ali'wlardan da wo'zin awlaq uslap ju'riwi sha'rt.

Islam dininde woraza tuti'wdi'n' mayda-shu'ydesine deyin ko'rsetilgen. Yag'ni'y, tosattan awqatti'n' az bo'legi, suwdi'n' bir juti'mi', tamaqqa shan', tu'tin, puwdi'n' kirip qali'wi' da worazani'n' buzi'li'wi' boli'p yesaplanadi'. Bul ay - woraza tutqan adam da'ri ishiw, ukol, klizmalar arqali' ishki medicinali'q yemlewler ali'wi'na, ha'tteki saqqi'z shaynawi'na da bolmaydi'. Ayri'qsha atap wo'tetug'i'n jeri, woraza tuti'wdan azat yetiletug'i'n jag'daylar da islam dini qag'i'ydalari'nda ani'q ko'rsetilgen.

Ramazan ayi'ni'n' ja'ne bir wo'zgesheligi xali'qlar, adamlar arasi'nda dosli'qti' bekkemlewge bag'darlani'p jawgershilik, dushpanli'q ha'reketleri bolmawi', ha'r qanday jamanli'q islewge jol qoyi'lmawi' uri'slardi'n' bul ayda toqtati'li'wi' boli'p yesaplanadi'.

[1] Dala da'pterinen, N:1.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Soni'n' ushi'n adamlar buri'nlari' — Ramazan ayi'n ku'ta' asi'g'i'sli'q penen ku'tkeni tariyxta belgili. Bul ayda adamlardi'n' islamg'a, quday taalag'a isenimi ja'ne de teren'lesip, woni'n' qu'diretine, miyrim-sha'pa'a'tine yerisiw ha'm itaat yetiwge ha'reket yetedi. Ramazan musi'lmanlardi'n' yen' muqaddes ko'retug'i'n ayi' boli'p yesaplanadi'.

Woraza tamam bolg'annan keyin woraza hayi'ti' baslani'p, woni' xalqi'mi'z u'lken bayram si'pati'nda ha'r ji'li' belgileydi. Sebebi, bul da'stu'r adamlardi' wo'z-ara si'ylasi'q, dosli'q, ja'mleskenlik, miyrimlilik, awi'z birshilik, qayi'r-saqawat, jetim-jesir, g'arri'larg'a ayri'qsha itibarli' boli'wg'a shaqi'radi'. Ko'pshilik adamlardi'n' arasi'nda «hesh bolmasa awi'zashar berip, g'arri'-kempirlerdin' aq pa'tiyasi'n alayi'q» degendi yesitiwge boladi'. Mine, usi'lay yetip bul da'stu'rler ha'zirgi waqi'ttaku'nne-ku'nge rawajlani'p jan'alanbaqta.



## MAZMUNI

Kirisiw........................................3
Qaraqalpaq salt-da'stu'r ji'rlari'........................................4
Tusaw kesiw........................................11
Su'nnetletiw........................................12
Quda tu'siw........................................13
Toy baslar........................................16
Bet ashar........................................18



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Sa'rsen QAZAQBAEV

# QARAQALPAQ SALT-DA'STU'R JI'RLARI'

*(metodikali'q qollanba)*

*Qaraqalpaq tilinde*
*«Qaraqalpaqstan» baspasi'*
*No'kis—2012*

Redaktori' *Gu'listan Pirnazarova*
Xudojnigi *Azamat Jarimbetov*
Operatori' *Timurlan Qosnazarov*

Teriwge berilgen waqti' 24. 02. 2012. Basi'wg'a ruqsat etilgen waqti' 08. 03. 2012 Qag'az formati' 60x84 $^{1}/_{16}$ . Ofset usi'li'nda basi'ldi'. Garniturasi' — «Times». Ko'lemi 2,0 b/t., 1,86 sha'rtli b/t., 2,5 esap b/t. Ja'mi 500 nusqada. Bahasi' sha'rtnama boyi'nsha. Buyi'rtpa №B-10

Wo'zbekstan Respublikasi' Ministrler Kabineti ta'repinen baspa xi'zmeti menen shug'ullani'w ushi'n 2008-ji'l 30-sentyabrde AI №114 **licenziyasi'** berilgen.

«Qaraqalpaqstan» baspasi': 230100, No'kis qalasi', Qaraqalpaqstan ko'shesi, 9

«FARMA PRINT NUKUS» JSHJ tipografiyasi'ndabasi'ldi'. Ma'nzil: No'kis qalasi', A Dosnazarov ko'shesi, 18-jay.

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ISBN 978-9943-346-93-2
9 789943 346932

«QARAQALPAQSTAN»

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com